للحصول على نسخة باللغة العربية من هذه الوثيقة، نرجو زيارة الموقع الإلكتروني أدناه.	Pour obtenir la traduction de ce document, merci de visiter le site internet cité ci-dessous.	Перевод данного документа на русский язык находится на вебсайте, указанном ниже.
এই নথির বাংলা অনুবাদের জন্য অনুগ্রহ করে নিচের ওয়েবসাইট দেখুন।	Pou ka jwenn yon kopi dokiman sa a an Kreyòl ayisyen, tanpri ale sou sit entènèt ki pi ba a.	Para obtener una versión en español de este documento, por favor visite el sitio de Internet a continuación.
如要取得本文件的中文譯本，請瀏覽下面的網站。	본 문서의 한국어판을 보시려면 다음 웹사이트를 방문해 주십시오.	اس دستاویز کے اردو ترجمہ کے لیے برائے مہربانی ذیل کی ویب سائٹ سے رجوع کریں۔
www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/Middle		

<<Adult First Name>> <<Adult Last Name>>
Paran/Responsab <<Student First Name>> << Student Last Name>>
<<Street Number>> <Street Name>> <<Apt Number>>
<<City>>, <<State>> <Zip>>

Avril 2016

Chè Paran/Responsab :

Nou voye pitit ou a nan pwogram lekòl presegondè sa a pou Septanm 2016 :

<<Matched School Name1>> (<<MS Main Matched School DBN1>>)
<<Matched Program Name1>>
<<Matched School Address1>>
<<Matched School City, State ZIP>>

Pitit ou a kalifye pou pwogram lekòl presegondè sa a tou :

<<Matched School Name2>> (<<MSNS Matched School DBN2>>)
<<Matched Program Name2>>
<<Matched School Address2>>
<<Matched School Address City, State Zip>>

Ou dwe ranpli paj nou voye ba w avèk lèt sa a ki endike nan ki pwogram pitit ou a vle ale, epi voye l tounen ba lekòl primè pitit ou ye a nan dat 4 me 2016 pou pi ta.

Si w ta renmen eseye chanje plas yo bay pitit ou a, ou ka soumèt yon apèl. Pou resevwa yon fòm apèl, ou dwe ranpli paj ki vini avèk lèt sa a, epi voye l tounen nan lekòl primè pitit ou ye a. Ou dwe voye tou fòm apèl ou fin ranpli a tounen nan lekòl primè pitit ou a nan dat 4 me 2016 pou pi ta. Si yo pa konsidere apèl ou a, y ap mete pitit ou a nan pwogram ou endike nan paj nou mete ak lèt sa a. Tanpri sonje yo konsidere apèl paran fè dapre kantite plas ki disponib ak kritè chwa lekòl la.

Si pitit ou a pran egzamen Mark Twain/Distri 21 pou detèmine talan l oswa aplike pou yon Pwogram nòt *composite*, nou mete enfòmasyon detaye sou nòt li nan rapò sou nòt ki vini avèk lèt sa a.

Si w gen nenpòt kesyon sou admisyon nan lekòl presegondè, tanpri kontakte lekòl primè w la.

Nou swete pitit ou a siksè nan lekòl presegondè.

Avèk senserite,

Sara McPhee
Direktris anchèf Admisyon nan lekòl presegondè
Biwo Enskripsyon Elèv

Tanpri ekri ransèyman yo mande w nan paj sa a, epi voye l tounen nan lekòl primè pitit ou ye kounye a nan dat 4 me 2016 pou pi ta.

NON ELÈV LA : <<Student First Name>> << Student Last Name>>
LEKÒL LI YE KOUNYE A : <<Current School DBN>>
 # ID ELÈV LA (OSIS) : <<Osis Id>>
KLAS L AP FÈ : <<Current Grade>>

Fè yon chwa:

- ❒ Pitit mwen an prale nan <<Matched Program Name1>>.
- ❒ Pitit mwen an prale nan <<Matched Program Name2>>.

Apèl :

- ❒ Mwen ta renmen ale ann apèl poutèt pwogram nou deside pou pitit mwen an ale a. Si yo pa konsidere apèl mwen an, mwen ta renmen pitit mwen an ale nan <<Matched Program Name1>>.
- ❒ Mwen ta renmen ale ann apèl poutèt mwen pa vle aksepte pwogram sa a nou deside pou pitit mwen an ale a. Si yo pa konsidere apèl mwen an, mwen ta renmen pitit mwen an ale nan <<Matched Program Name2>>.

Fòm pou apèl yo disponib nan lekòl primè w la lè w fin voye fòm sa a tounen. Lè w fin ranpli fòm apèl yo, ou dwe voye yo tounen nan lekòl pitit ou ye a nan dat 4 me 2016 pou pi ta.

Li pral nan yon lekòl ki pa nan pwosesis pou admisyon nan lekòl presegondè a :

- ❒ Pitit mwen an prale nan lekòl sa a pou ane lekòl 2016-2017 la (tanpri bay non lekòl la nan espas pi ba a) :
  - Admisyon nan lekòl leta oswa nan *Charter School*:_____
  - Lekòl prive/lekòl relijye:_____

Tanpri mete yon kopi lèt admisyon lekòl kote pitit ou a prale a pou pwouve admisyon lekòl nan nan Charter School, lekòl prive/lekòl relijye.

Non Paran/Responsab (Tanpri ekri ak lèt detache) : _____

Siyati Paran/Responsab : _____ **Dat :** _____

Nimewo telefòn paran/Responsab : _____ **Imèl :** _____